



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN KA KE OU TE RATE LI: EDITORYAL GOUVÈNÈ HOCHUL NAN NEW YORK TIMES: CLARENCE THOMAS AK BRETT KAVANAUGH KA CHANJE LAVI SIVIVAN VYOLANS DOMESTIK YO

Jodi a, New York Times pibliye yon editoryal Gouvènè Kathy Hochul sou yon desizyon Tribinal Siprèm k ap vini an ki ka gen konsekans enpòtan pou sivivan abi domestik yo. Tèks atik editoryal la disponib anba a epi ou kapab wè li sou entènèt [isit la](#).

Lè manman m te gen 70 zan, li te gen yon dezi pou anivèsè nesans inik. Olye li fete oswa gen yon gato, li te di fanmi nou li bezwen èd nou pou ouvri yon kay tranzisyon pou sivivan vyolans domestik yo ak pitit yo.

Li te wè kado anivèsè nesans sa a kòm akimilasyon yon lavi ki te pase nan batay pou sivivan abi yo, yon pakou ki te kòmanse nan ane 1970 yo lè li te komen pou itilize tèm tankou "fanm yo bat", epi sivivan yo pa te gen ase rekou. Kèk mwa apre anivèsè nesans manman m, Kathleen Mary House te ouvri pòt li — li te pote non an pou onore manman l, Kathleen Mary, yon sivivan abi domestik.

Lè m te fèt, manman m te ban m non Kathleen Mary, epi aktivis li pandan tout lavi l nan non sivivan yo te gen yon gwo enpak sou mwen. Efè vyolans domestik yo pa limite a yon sèl jenerasyon, ni vijilans nou kont li pa ta dwe limite nonplis. Sa se jis youn nan rezon ki fè mwen tèlman enkyete sou rezilta yon pwosè Kou Siprèm k ap vini an, Etazini v. Rahimi, ki ane pwochèn pral deside si pou defann yon lwa sou sekirite kont zam ki pwoteje sivivan vyolans domestik yo.

Tribinal Siprèm lan te anonse dènyèman plan pou pran ka Rahimi an, ki pral gen anpil chans konte sou desizyon tribinal la ki sot pase nan Dezyèm Amannman an, New York State Rifle & Pistol Association v. Bruen. Nan ka sa a, yon majorite ki dirije pa Jij Clarence Thomas te ranvèse lwa New York la pou pote zam an kachèt ki te an vigè pandan plis pase yon syèk — ki reklame lwa zam 21èm syèk la ta dwe koyeran avèk yon tan anvan, lè mouskè te zam afe ki komen. Lè yo fè sa, tribinal la retire yon zouti enpòtan mwen te genyen kòm gouvènè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Si yo pa te kontwole li, desizyon an t ap pèmèt plis zam afe ki ka touye moun anvayi kominote nou yo, biznis nou yo, ba ak restoran nou yo epi menm machin nan tren ki gen anpil moun yo pase anvan. Yon sèl mo ki deplase, oswa yon kout koud, ka imedyatman gen konsekans devastatè, ki menase lavi.

Kounye a, nan Rahimi, Tribinal Siprèm lan pral decide si zam afe ki ka touye moun ka inonde kay sivivan vyolans domestik yo. Ka a rive nan tribinal la apre yon desizyon Senkyèm Sikwi a an favè agresè yo. Senkyèm Sikwi an te decide ke gouvènman an pa ka anpeche yon moun ki vyolan, ke yon tribinal te bay yon òdonans pwoteksyon kont vyolans domestik kont li, pou li pa posede yon zam afe ki ka touye moun. Lè yo ranvèse yon lwa federal ki vize pou pwoteje sivivan abi yo, tribinal apèl la te pwopoze yon tewori legal ekzòbitan ki fè konnen moun ki gen òdonans vyolans domestik yo gen dwa konstitisyonèl pou posede yon zam. Lè yo sèvi ak agiman Jij Thomas ki konsantre istorikman ki soti nan Bruen kòm presedan, Tribinal Siprèm lan te kapab decide ke sivivan vyolans domestik jodi a merite sèlman pwoteksyon yo te genyen nan 18èm syèk la — yon tan anvan kote pifò fanm yo pa te kapab posede pwopriyete oswa travay deyò kay, ale wè pou yo ta vote.

Anje yo pa ta ka pi wo Sondaj Nasyonal sou Patnè Entim ak Vyolans Seksyèl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a endike anviwon 41 pousan fanm ak 26 pousan gason nan Etazini te sibi vyolans seksyèl, vyolans fizik oswa asèlman pa yon patnè entim epi yo te rapòte ke li te afekte yo pandan tout lavi yo. Dapre rapò krim Etazini yo, yon patnè entim touye anviwon 1 sou 5 viktim omisid, epi yon patnè entim gason aktyèl oswa ansyen touye plis pase mwatye nan viktim omisid fanm yo. Isit la nan New York, gen apeprè 80,000 ofans grav tankou agresyon, ofans seksyèl ak vyolasyon òdonan pwoteksyon chak ane atravè eta a, epi done yo montre ke nan New York apeprè 1 sou 5 omisid gen rapò ak vyolans domestik.

Tribinal Siprèm lan gen yon chwa: Li ka apiye aou tewori danjere Senkyèm Sikwi a ki fè konnen zam yo pa kapab kontwole nan bi pou pwoteje sivivan vyolans domestik yo, oswa li ka defann lwa federal ki retire zam nan men moun ki danjere.

Avan yo tande agiman oral yo, pa gen okenn fason pou nou di ki fason Tribinal Siprèm lan pral decide. Presedan Bruen te etabli an ekstraòdinè boulvèsan. Men, menm nan majorite tribinal Bruen lan, te gen yon divizyon. Jij Thomas te kenbe konsantrasyon li sou agiman istorik yo. Men, yon akò pa Jij Brett Kavanaugh, kote Jij an Chèf John Roberts te rantrè ladan, te kite espas pou kèk pwoteksyon debaz, li te remake ke "byen entèprete, Dezyèm Amanman an pèmèt yon 'varyete' règleman sou zam."

Akò sa a te ede enfòme repons New York te bay Bruen. Apre yo te ranvèse lwa sou zam Eta New York ki te gen yon syèk la, mwen te pran etap imedya pou retabli pwoteksyon kont vyolans ak zam, tankou siyati nouvo lwa pou ranfòse fòmasyon ak egzijans pou lisans zam. Nan prentan 2022, nou te ranfòse lwa sou sinayl alam eta nou an, nou te retire zam nan men moun tankou agresè domestik yo ki reprezante yon risk pou tèt yo oswa pou lòt moun, epi nou te fèmen twou vid ki te fè trajedi nan Buffalo ak nan Uvalde, Texas posib. Kòm rezilta, tribinal yo te bay apeprè 9,000 òdonan pwoteksyon ki gen gwo risk nan ane ki sot pase a, pa rapò ak 1,400 nan dezan edmi anvan yo. Tou depan de pòte desizyon tribinal la nan Rahimi, pwoteksyon sa yo ta ka an danje tou. Apre yon ti ogmantasyon pandan kòmansman pandemi an nan ane 2020,

New York ap retounen gradyèlman ak piti piti nan nivo fiziyad anvan pandemi yo epi li gen youn nan senk pi ba to lanmò ki gen rapò ak zam afe. Mwen te toujou di sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen antanke gouvènè, epi mwen angaje m pou m itilize tout zouti ki disponib pou m pwoteje kominote nou yo kont vyolans ak zam.

Yon Tribinal Siprèm ekstrèm, ki pa gen kontwòl, mete lwa sekirite kont zam yo an danje nan Bruen. Nan tout Amerik la, sivivan abi domestik yo pral tann kounye a ak pèrèz pou wè si Jij Kavanaugh ak kòlèg li yo konsidere lwa ki pwoteje sivivan yo "byen entèprete" dapre Konstitisyon an.

Mwen ka sèlman imajine kisa defen manman m ta sou atak jidisyè sa yo sou sivivan abi yo. Men, pou onore li, ak nan non tout Nouyòkè yo, mwen p ap janm sispann goumen pou jistis.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)